

# **Juragan Hajat**

Karya Kang Ibeng

Transkrip: Prana D. Iswara serta mahasiswa UPI Kampus Sumedang: Rahmi Siti Aisyah, Dysa Anggraini, Isna Anisa, Dede Nora Sumirat, Mia Kusmiati, Litta Mirnawati, Restiana Sutaryat, Silyawati Sedy, Siti Titin Khotimah, Santi Adi Yuliani, Februari 2012

## **Aktor Babak 1**

1. Icih
2. Kemed
3. Ocim
4. Dole

## **Aktor Babak 2**

1. Uneh
2. Inot
3. Uje
4. Encuy
5. Iroh
6. Lebe

## **Aktor Babak 3**

1. Juragan Istri
2. Juragan Pameget
3. Pudin
4. Ijem
5. Tukang Koran
6. Satpam 1
7. Satpam 2
8. Satpam 3

## **Aktor Babak 4**

1. Bapa Toyib

## **Babak 1**

Icih: Kumaha iyeu teh nya? Deuh, si Kemed teu bener menerkeun iyeu teh. Teu baleg-baleg pisan.

Kemed: Icih, aing rek ngabeca. Bisi aya nu nanyakeun, bejakeun we keur dines. Kade ati-ati di imah.

Icih: Heueuh, jung. Kade, balikna tong beurang teuing. Aing butuh duit.

Kemed: Nya heueuh atuh. Geus meunang duit mah aing ge balik. Kumaha milik we.

Icih: Lain kumaha milik-kumaha milik. Kumaha mun jiga kamari. Balik magrib, teu mawa duit saperak-perak acan. Lieur aingna.

Kemed: Heueuh da kamari mah muatanana oge euweuh. Ti isuk jedur aing nungguan muatan euweuh saurang-urang acan. Aya eta ge saurang. Teu ditarik ku aing mah. Jelemana teu gableg pikiran. Piraku ukur rek mere dua puluh rebu.

Icih: Euleuh-euleuh dua puluh rebu teu ditarik? Na sia teh olo-olo teuing?

Kemed: Lain olo-olo. Jauh deuleu. Ka Surabaya. Bisa wae ku aing di tarik. Ngan balik ngabeca, meureun suku aing tinggal sajeungkal.

Icih: Dasar jelema weureu sia mah. Diajak nyarita sabener-bener kalah ka ngocoprak ka mana wae. Yeuh, aing mah lain heureuy, Kemed. Aing mah nyaan butuh duit.

Kemed: Teu ngarti aing mah. Ti mimiti ku aing dikawin nepikeun ka ayeuna angger we sia mah butuh ku duit. Dasar teu insap-insap.

Icih: Aeh-aeh, eta si jurig. Yeuh, Kemed, aing mah menta duit soteh, jang mayar hutang. Da sia mah teu nyaho nu nagih meni rabul. Era deuleu.

Kemed: Alus loba hutang mah. Cirina loba nu mercaya.

Icih: Dasar sia mah jelema teu boga kaera. Kandel kulit beungeut sia mah.

Kemed: Alus ge kandel kulit beungeut mah. Tibatan kulit beungeut ipis, disibeungeutan dua kali beak beungeut aing tinggal rorongkong.

Icih: Tobaat aing mah. Ampun gusti.

Kemed: Aing nu tobat mah. Unggal rek indit nambangan kudu weh riweuh ku urusan nagih hutang. (NGAHAREWOS, NGELET SINIS) Ari ditagih, teu daek?

Icih: Aeh-aeh, siah. Yeuh, Kemed, dengekeun, yeuh. Aing mah menta duit soteh jang mayar hutang. Tatadi ge aing teh ngomong jang mayar hutang. Ari sia teu ngarti-ngarti atuh, Kemed?

Kemed: Heueuh eunggeus atuh. Nguruskeun wae nu nagih-nu nagih. Da aing mah nganjuk soteh teu hayang ditatagih. Jeung jelema na we kabina-bina. Jaba nganjukkeun, jaba nagih. Teu gableg kaera.

Icih: Ari sia teh lieur, Kemed?

Kemed: Tuda enya asa kabina-bina. Unggal arek nambangan kudu we ribut ku urusan nagih hutang. Balik nambangan, geus dipapagkeun ku nu nagih hutang. Jadi lieur ka aingna ge. Saha wae nu nagih hutang teh?

Icih: Loba. Ceu Tenong, Mang Rustam, Aki Oci. Malah aki Oci mah nagihna teh ngabring jeung anak incuna. Da ku sia dianjukan kabeh.

Kemed: Geus kiyeu weh atuh. Sakur nu nagih hutang datangan ku sia kabeh. Bejaan, isukan pabeubeurang ku aing didagoan di dieu.

Icih: Tah kitu atuh. Eta ngarana lalaki tanggung jawab. Jadi isukan teh rek dibayar kabeh, nya?

Kemed: Lain. Aing rek ngamuk. Yeuh, Icih. Saksian ku sia. Aing rek berjuang, dirempug ku nu naragih hutang. Tempokeun ku sia. Aing nu gugur. Atawa nu naragih hutang nu ngagoler.

Icih: Sia mah kalahka ngacapruk. Dasar sia mah jelema teu boga pikiran. Kalah ka ngacapruk. Cing atuh, Kemed, da sia teh lalaki. Mikir atuh. Usaha.

Kemed: Heueuh kapan iyeu teh aing teh tadi teh rek indit usaha. Ngadon diajakan pasea.

Icih: Maksud aing mah neangan usaha sejen. Lain ngan ngandelkeun tina ngabeca wungkul. Usaha naon we. Tuh, kawas batur. Ngabelaan anak pamajikan teh tepikeun ka tohtohan banting tulang.

Kemed: O, jadi aing teh kudu banting tulang. Heug, ku sia kumpulkeun tulang-taleng sing loba. Ku aing rek dibuntang-banting. Tempokeun, supaya kadeuleu enya-enya aing teh banting tulang.

Icih: Dasar jelema teu ecreug. Dasar jelema weureu. Yeuh, Kemed, sing mikir atuh sia teh. Kacida-cida teuing. Jadi lieur ka aingna.

Kemed: Tuda enya kesel aing mah.

Icih: Aing nu kesel mah. Bingung. Kumaha mayaran hutang?

Kemed: Lah, na make bingung-bingung teuing. Yeuh, urusan mayar hutang mah ulah dipikiran. Tuh si Omod, kakarak ngajual motor payu opat juta setengah.

Icih: Terus kumaha?

Kemed: Har make kumaha? Antep we. Motor-motor manehna. Dijual ku manehna.

Yeuh, urang mah ulah pipilueun. Era, deuleu. Sing mikir atuh.

Icih: Tobaat... aing mah. Tapi da seueur nu gaduh salaki ka tukang beca tapi da teu aya nu weureu siga salaki abdi. Mugi-mugi Gusti, abdi dipaparin kakiatan.

Kemed: Geus ah. Aing rek indit nambangan.

Icih: Jung wae sia ah. (KEMED NGALEOS.)

Icih: Kiyeu geuning susahna jadi jelema leutik teh. Diudag-udag kasusah. Ari kahayang mah, cik atuh para pamingpin sing nyaan ngabela rakyat leutik teh. Ulah ngan saukur dina pidato wungkul. Dina pidato mah kiyeu. "Mari kita berantas kemiskinan. Kita bela rakyat kecil." Ari buktina nu senang teh nu di luhur jeung para koruptor. (KEPROK). Eeh heup! Sanes dikeprokan, diemutan. (KEMED ASUP.)

Kemed: Icih! Nyaan iyeu mah dodoja teh, Icih. Lamun kurang-kurang aing teu kuat iman, bisa gelo ngadidak aing teh.

Icih: Aya naon? Cenah rek ngabeca.

Kemed: Ngabeca-ngabeca bebengok maneh. Kumaha rek ngabeca, sadel beca aya nu ngalaan, siah. Saha mangkelukna nu teu boga rarasaan teh.

Icih: Si Uju nu ngabuka sadel beca mah.

Kemed: Si Uju?

Icih: Enya dititah ku aing.Kemed: Tobat, Gusti. Batur ge seueur ka tukang beca nu garaduh bojo. Tapi teu aya nu weureu siga pun bojo. Mugi-mugi sing dipasihan kakiatan. Cik atuh, Icih, sia teh eling teu? Nanaonan make titah ngalaan sadel beca? Ayeuna di kamanakeun?

Icih: Yeuh, da aing mah kapeped. Butuh duit. Dijual weh ku aing teh ka tukang loak. Genep rebu.

Kemed: Lima rebu siah eta mah.

Icih: Heueuh nu sarebu deui kapan dipake muruhan si Uju.

Kemed: Astagfirullah. Asa kabina-bina teuing.

Icih: Aeh-aeh, lain kabina-bina teuing. Aing mah menta duit soteh jang mayaran sakola budak. Bisi sia teu nyaho, kamari aing narima surat ti sakolana. Geus tilu bulan si Otong teh can bayaran.

Kemed: Heueuh ulah ngagugu teuing kahayang ti sakolana atuh. Yeuh, budak sakola teh cape. Indit ti imah kudu leumpang. Datang ka sakola kudu ngapalkeun. Kudu diajar, kudu ujian. Geus sakitu capena teh deuih hayoh kudu bayaran sakola. Kahayang aing mah pamarentah teh ngabebaskeun biaya pendidikan jang barudak. Eta ge mun hayang maju.

Icih: Nyaho.... Lieur aing mah.

Kemed: Tuda enya. Kahayang aing mah atuh urusan biaya sakola ulah nepikeun ka ngajual sadel beca. Cik atuh da sia teh kolot. Sing bijaksana.

Icih: Bijaksana-bijaksana nanahaon. Ari si Otong teu bayaran mah angger budak teh bisa dieureunkeun.

Kemed: Heueuh, matak naton atuh ngadep ka guruna. Pok nyarita, “Bapa, perkawis pelajaran nu dipasikeun ka pun anak, abdi ngaturkeun rebu nihun. Namung abdi teu tiasa ngabales budi ku bayaran sakola. Anging Gusti nu tiasa ngabales mah.”

Icih: Gandeng, jurig. Ari sakira-kirana embung tanggung jawab mah naha atuh sia teh make boga budak.

Kemed: Har.... urusan boga budak mah lain salah aing. Aing mah lalaki.

Icih: Euleuh-euleuh. Jadi salah aing nya?

Kemed: Nya heueuh. Urusan boga budak mah salah awewe. Tempo we asal usul budak. Apan asalna ti sia. Aing mah sakadar usul.

Icih: Dasar sia mah lain jelema. JU-RIG.

Kemed: Di mana aya juring ngabeca?

Icih: Maksud aing mah, yeuh, dengekeun. Peupeuriheun aing teu bisa maca, buta hejo...

Kemed: Buta hurup.

Icih: Heueuh eta maksud aing ge buta hurup. Cik atuh ari kahayang mah budak teh sing nyakola. Tuh kawas anak batur. Nepi ka lulus, boga ijubah.

Kemed: Lain ijubah atuh ijasah.

Icih: Lah sarua wae nyebut na mah. Rek ijubah, rek ijasah, eta mah kumaha kaiklasan urang.

Kemed: Nya da silaing nu ngacapruk mah.

Icih: Tuda keuheul aing mah. Komo mun jiga batur. Nyakolakeun budak teh nepi ka sakola luhur. Nepi ka jadi sujana. (KEMED NYAMPEURKEUN REK NGARALAT.) Lain sujana atuh siah sarjana. Sing baleg nyarita teh.

Kemed: Aeh-aeh ari si Icih.

Icih: Tuda kesel aing mah. Kesel aing teh, Kemed. Indit siyah, indit, Kemed .... Ngabeca!

Kemed: Eta ku keukeuh. Abdi mah teu ngartos. Ari emutan Icih teh kumaha? Bade ngabeca kumaha atuh? Kapan sadel becana ge tos diical ku bebengok salira?

Icih: (LEULEUY) Atuh teu janten masalah, Kang, sadel beca teu aya mah gentos wae kujojodog.

Kemed: Eta emutan dugi keun ka dinya. Ngabeja ngangge jojodog?

Icih: Sumuhun.

Kemed: Kacipta meureun. Kayungyun. Abdi disarebat nu gelo ku batur, tukang beca gelo.

Icih: Atuh kumaha lamun nu diical teh, Kang, ulah sadelna wungkul. Sakantenan wae sareng becana. Margi abdi butuh kanggo mayar hutang tilas sia.

Kemed: Tiasa wae. Namung upami teu aya becana naha abdi kedah narik penumpang ngangge naon? Naha kedah digagandong? Kinten-kintenna ayi Icih tega neuleu aing ngagandong penumpang ka ditu ka dieu?

Icih: Gandeng siyah, Kemed! Kacida boga salaki teh. Dasar sia mah jelema atahadol, keur beungeut siga panakol bedug teh.

Kemed: Aeh-aeah, eta salaki disaruakeun jeung panakol bedug.

Icih: Ah, da enya siyah.

Kemed: Heug. Tapi inget, lamun aing panakol bedug, sia bedugna. Atuh mun kitu mah si Otong teh hasil ngadulag.

Icih: Ari sia teh nyarita teh kamana wae. Nyaho aing teh keur susah.

Kemed: Heueuh ulah mikirkeun wae kasusah atuh. Bangblaskeun. Sing janglar. Tuh jiga babaturan aing si Sahro. Sangsarana leuwih-leuwih ti urang. Anak reuay salima-lima. Hutang saabreg-abreg. Tapi jelemana mah teu nguluwut. Gumbira weh, ka ditu-ka dieu teh teu weleh seuri. Nyaho-nyaho maot we TBC.

Icih: Astaghfirullah. Yeuh, pangpangna nu jadi pikiran aing teh si Otong. Lamun nepikeun ka si Otong dieureunkeun sakolana, rek kumaha budak teh ka hareupna?

Kemed: Ah kumaha engke we. Maung ge teu sakola teu weleh hirup. Teu eleh ku sarjana. Sok wani tarohan, aing mah. Maung adukeun jeung sarjana. Aing tarohan, meunang maung, siyah.

Icih: Dasar jelema weureu sia mah. Diajak nyarita sabener-bener kalah ka ngacaprak. Dasar atahadol. Hese nyarita jeung jelema burung mah.

Kemed: Heueuh enggeus atuh. Ulah mikirkeun wae kasusah, moal aya tungtungna.

#### (OCIM PUPUNTEAN)

Ocim: Punten.

Kemed: Tah, Cih. Tuh, aya semah tuh.

Icih: (REUWAS) Boa-boa anu rek nagih hutang.

Kemed: Tenang, aing tanggung jawab. Sampeurkeun. Sampeurkeun. (ICIH NYAMPEURKEUN SEMAH) Icih, bisi nanyakeun aing bejakeun keur euweuh.

Icih: Har, euweuh ka mana kapan siana ge aya di dinya.

Kemed: Heueuh iyeu mah ngabobodo.

Ocim: Punten.

Icih: Teu aya, ngabobodo.

Kemed: Eeh, lain kitu atuh. Heug sampeurkeun. Sina asup. Sina asup.

Icih: Walah.

Kemed: Kajeun teuing nu nagih ge. Rek diwarah ku aing mah.

Ocim: Punten.

Icih: Sok asup. Rek diwarah ku aing mah.

Kemed: Icih, lain kitu atuh. Heug sampeurkeun. Bade aya peryogi naon kituh.

Icih: Peryogi artos we kanggo mayar sametan.

Kemed: Lain ka aing. Itu ka semah, sina asup.

Ocim: (ASUP) Asalamualaikum.

Icih/Kemed: Waalaikumsalam.

Kemed: Aeh, sugar teh semah saha. Geuning ilaing, Jang Ocim.

Ocim: Enya, Kang.

Kemed: Tas ti mana euy?

Icih: Leuh, euceu mah loba hutang, jang.

Kemed: Icih! Tas ti mana?

Ocim: Hah?

Icih: Enya, tas ti mana, Jang?

Ocim: Ngahaja we kadiue.

Icih: Ngahaja cenah, Kemed.

Kemed: Aya naon euy?

Icih: Aya naon cenah, Jang?

Ocim: Nu matak aya perlu.

Icih: Aya perlu cenah, Kemed.

Kemed: Dicekek hareupuen semah, siah.

Icih: (KA OCIM) Rek dicekek.

Kemed: Icih! Enggeus atuh cicing. Aya-aya wae. Aya perlu naon, euy?

Ocim: Iyeu, entog.

Kemed: Entog cenah, Icih.

Icih: Sia nu rek dicekek ku aing mah. Aya naon, jang? Sing bener sok nyarita.

Ocim: Kieu, ceu, maksud kuring teh. Kuring teh keur meunang karerepet, keur meunang kasusah.  
Maksud kuring teh rek menta tulung.

Kemed: Iyeu mah nyaan yeuh beda kereteg, Icih. (KA OCIM) Menta tulung naon, euy?

Ocim: Nyaeta, budak kuring teh rek ujian. Ceuk guruna moal waka bisa milu ujian lamun can lunas  
heula uang bayaran.

Kemed: Nya ceuk aing ge beuki deukeut kereteg teh, Icih. (KA OCIM) Terus?

Ocim: Tah, maksud kuring teh, sugaran we kabeneran akang keur aya duit. Kuring rek ngajual entog.  
Iyeu entog kuring, beuli ku akang sapuluh rebu we, Kang, keur bayaran sakola budak.

Icih: (NYEKEK KEMED, NGAJIWIR) Tah kadenge ... kadenge ku ceuli sia. Dengekeun. Batur  
mah ngabelaan anak teh nepi ka ngajual entog, dengekeun siah. Picontoeun, iyeuh. Kesel  
aing mah.

Ocim: Tuda lamun nepi ka eureun sakolana teh rek kumaha budak ka hareupna.

Icih: (NYEKEK) Tah, dengekeun, dengekeun, siah.

Kemed: (KA OCIM) Da sia mimitina make jeung ngadon ngajual ka dieu sagala.

Ocim: Keur bayaran sakola budak, kang.

Kemed: Heueuh matak naon ulah waka dijual. Iyeu bawa ka sakola budak silaing. Pok nyarita ka  
guruna, sing sopan, "Bapa, perkawis bayaran sakola pun anak sasih iyeu moal tiasa ku artos,  
bade ku entog." kituh. "Atuh sasih payun, bade ku marmot." Dewek mah yakin guru mah  
bijaksana. Dikitukeun ge silaing moal burung ditonjok.

Icih: Aeh-aeh, sia teh kunaon kalahka ngaheureuykeun. Iyeh, Kemed, itu teh jelema butuh. Lamun  
rek nulungan sing puguh.

Ocim: Enya, tulungan atuh, kang.

Kemed: Aeh-aeh. Yeuh, dewek teh lain teu hayang nulungan. Jang bayaran budak wae kudu  
nepikeun ka ngajual sadel beca. Jeung dina boga duitna ge moal waka pake nulungan  
silaing. Mening pake meuli sadel beca. Ocim: Aduh, piraku akang tega ka kuring.

Icih: Enya tulungan atuh, Kemed. Tulungan.

Kemed: Aeh-aeh. Heug, Icih, aing rek usaha neangan duit. Ke lamun geus meunang moal waka  
meuli sadel beca. (NYOKOT ENTONG TI LEUNGEUN OCIM) Iyeu entog ku aing rek  
dibeuli, rek dipake sadel beca. Na sia tega kitu neuleu aing ngaboseh bari ngadiukan entog?

Ocim: Kumaha atuh, nya. Cik atuh, kang, pangusahakeun. Sugaran atuh akang boga kawawuhan nu  
butuheun ku entog.

Kemed: Enggeus kiyeu we ari sakira-kirana perlu pisan mah. Aya euy anu sok meulian entog teh.

Ocim: Saha, kang?

Kemed: Pa Sumardi. Bawa tuh ka Pa Sumardi.

Ocim: Pa Sumardi mana, kang?

Kemed: Nu matak dewek ge teu nyaho. Sugaran sia nyaho Pa Sumardi, Icih.

Icih: Nya, sia mah ceuk aing ge montong diheureuykeun, sia teh. Kacida-cida teuing, jurig. (KA  
OCIM) Kieu, jang. Eta entong jual ka Pa Sungkono.

Ocim: Ke, Pa Sungkono mana deui, Ceu?

Icih: Pa Sungkono manya teu apal.

Ocim: Heu, nu mana, asa teu wawuh.

Icih: Har ari ujang bet nanyakeun ka Euceu, teuing atuh.

Ocim: Aing mah. Hanas ku kuring teu dibawa ka Pa Sukimin.

Kemed: Saha?

Ocim: Pa Sukimin.

Kemed: Heueuh enggeus bawa ka Pa Sukimin, tah.

Ocim: Heueuh da geus maot, Kang.

Kemed: Yeuh, jang. Menta tulung ka dewek mah sarua weh jeung silih jenggut jeung nu dugul.

Ocim: Da maksud kuring mah rek ngajual entong, kang. Lain rek ngajenggut nu dugul.

Icih: Deudeuh teuing, jang. Jung, jang. Geura teangan jelema dugul. Tuluy ku ujang teh jenggutan. Diduakeun ku euceu mah sing hasil.

Kemed: Naon iyeu teh, urusan teh jadi pabaliut jeung nu dugul. Eta mah bieu paribasa. Ah, kitu weh, Jang Ocim. Hampura, moal meuli.

Ocim: Aduh, sing karunya atuh, Kang, ka kuring.

Kemed: Aeh-aeh, ari silaing teu karunya kitu ka dewek.

Ocim: Sedih kuring mah, kang.

Kemed: Ih, sarua we dewek ge keur sedih. Naha teu katingali beungeut dewek keur sedih.

Ocim: Kuring mah meni hayang ceurik teh, kang.

Kemed: Har, sarua we kuring ge hayang ceurik. Dagoan we sakeudeung deui kuring ceurik.

Ocim: Kuring mah ... kuring mah meni hayang jejeritan teh, kang.

Kemed: Tah, lamun kitu hayu urang bareng jejeritan supaya haneuteun.

Ocim: Kumaha atuh, nya?

Icih: Hampura wae atuh, jang.

Ocim: Sami-sami, ceu.

Kemed: Tuh modol di mana wae. Make dibabawa ka dieu.

Ocim: Enya kuring ge menta dihampura. Tah ari geus silih hampura mah pan bangblas. Ayeuna sok beuli entog kuring.

Kemed: Aeh-aeh, yeuh, bisi silaing teu percaya, hayu urang bareng ka pengadilan. Dewek mah wani disumpah, moal meuli entog.

Icih: Aeh-aeh, ceuk aing oge, yeuh, montong diheureuykeun.

Kemed: Tuda kesel. Keur mah diudag-udag nu nagih, der ayeuna diudag-udag entog.

Icih: Hampura we atuh, Jang Entog, da lain teu hayang meuli Ocim.

Kemed: Icih, tibalik atuh. Hampura we, Jang.

Ocim: Teu nanaon, kang. Atuh kuring pamit we nya, Kang.

Kemed: Heueuh, jug ah.

Ocim: Ceu, hayu ah.

Icih: Hayu wae euceu mah, naha.

Kemed: Aeh-aeh, Icih, rek naon make nunutur si entog? (OCIM KALUAR.) Aya-aya wae dodoja teh keur kieu teh.

(DOLE ASUP.)

Dole: Permisi.

Kemed: Tah, aya semah deui, tah, Icih.

Dole: Permisi.

Kemed: Waalaikumsalam.

Icih: Ari sia kunaon? Sing baleg atuh. Silakan masuk.

Kemed: Terima kasih.

Dole: Permisi.

Kemed: Silakan memasukinya.

Dole: Maaf, bu. Bapak, Maaf. Saya mengganggu. Apa betul di sini rumahnya Bapak Kemed?

Kemed: Bukan Kemed. Kemed. E sama e itu berbeda. Rujak bebek betul, rujak bebek salah. Jadi bebek itu meri, Cep. Di dalam bahasa Indonesia ....

Icih: Sok da sia teh guru, sok.

Dole: Jadi betul di sini rumahnya bapak Kemed?

Icih: Bedul, cep.

Kemed: Lain bedul atuh betul.

Icih: Di sini banyak hutang, Cep.

Kemed: Maksud kedadangan encep ada apa, Cep?

Dole: Begini. Saya disuruh oleh bos saya. Eh, sebentar. Saya perkenalkan dulu. Nama saya Dole. D-o-l-e. Dole. he...he...he....

Icih: Dole. he...he...he.... Tapi tidak apa-apa, encep, tidak apa-apa Dole juga. Asal jangan dolewak, ya Kemed.

Kemed: Aduh, aduh, maaf saja ya, encep. Istri saya mah orangnya suka membanyol.

Dole: Tidak apa-apa. Justru saya orangnya humoris. Seneng bercanda. Seneng ketawa, he... he... he....

Kemed: Jadi, sekali lagi, apa maksud keperluannya encep ke sini?

Dole: Saya disuruh oleh bos saya, bapa Suminta, untuk menyampaikan undang-undang.

Kemed: Undang-undang?

Dole: Oh, maksud saya undangan. Tapi saya orangnya humoris. Seneng bercanda, seneng ketawa. Jadi undangan saya sebut saja undang-undang, biar kocak, biar ketawa, he...he...he....

Icih: Tobat, Gusti, aya di dunya jelema model kieu. Encep, undangan apakah itu?

Dole: Eu, bos saya, bapa Suminta mau menikahkan putranya. Kebetulan calon menantunya itu terpilih sebagai wakil rakyat. Jadi beliau mau selamatan sekalian syukuran.

Kemed: Oh, jadi begitu, ya cep ya?

Dole: Ya. Nah, saya mohon pamit saja. Dan saya mohon itu undangan dibaca, terus direnungkan, lalu dihadiri, he...he...he....

Kemed: Tangtos, tangtos cep.

Dole: Nah, saya mohon pamit saja. Terima kasih.

Kemed: Silakan, silakan, cep. (DOLE KALUAR.) (KEMED NGAREUREUWAS) He...he...he....

Icih: Ari sia kunaon make ngareureuwas aing.

Kemed: Itu jadi katepaan ku si encep eta. Seuri wae tuda. Aya we....

#### (OCIM ASUP)

Ocim: Asalamualaikum.

Icih/Kemed: Waalaikumsalam.

Kemed: Aya naon deui?

Ocim: Kieu kang kuring teh keur kapeped, butuh keur bayaran sakola budak. Maksud kuring teh rek ngajual entog.

Kemed: Har kapan tadi enggeus ka dieu. Ceuk dewek ge moal meuli entog.

Ocim: Na tadi kuring geus kadieu kitu? Astagfirullahhaladzim. Rarasaan teh acan,

Icih: Indit siah...!

Ocim: Hampura atuh.

Icih: Indit siah...!

Ocim: Mangga.

Icih: Indit! (OCIM KALUAR.)

Kemed: Aya we.... Keur kieu teh.

#### Babak 2

(UNEH KEUR SASAPU, MANGGIH FOTO AWEWE DINA TANGGUNGAN PEUYEUM.)

Uneh: Ati-ati siah, Uje. Kuaing .... ampuuun aing mah ....

Inot: Asalamualaikum.

Uneh: Waalaikumsalam. Is, ningan Nyi Inot, tas ti mana nyai? Har ari nyai bade ka mana? Tas ti mana nyai?

Inot: Ngahaja we kadieu, ceu. Ari Kang Uje aya ceu.

Uneh: Can balik. Biasa we dines, dagang peuyeum. Aya naon kitu nyai?

Inot: Yeuh, euceu. Tadi kuring tas ti kota. Papanggih jeung kang Uje keur leumpang duaan jalanan jeung awewe.

Uneh: Jalan-jalan jeung awewe? Nyaan, nyai?

Inot: Piraku kuring ngabohong. Sumpahna ge daek turun harga elpiji. Nyaan, euceu.

Uneh: Padahal mah ngawakilan euceu mun baledog ku batu tong asa-asra.

Inot: Da kahalangan ku tukang cendol. Piraku teu puguh-puguh kuring kudu maledog tukang cendol.

Uneh: Lain tukang cendol, si Uje.

Inot: Awewena teh make baju hejo. Leumpangna oge meni ditatangkeup. (NGANGKAT LEUNGEUN)

Uneh: Eta mah diangkat atuh nyai.

Inot: Enya mani ditatangkeup. (NYEPERTIKEUN NANGKEUP)

Uneh: Dasar lalaki atahadol. Ati-ati siah. Puguh euceu teh keur keuheul, nyai. Tadi peuting teh manggihan potret awewe dina tanggungan peuyeum. Nyelap dina tanggungan peuyeum. Ari nyai atuh kunaon puputeran wae. Cing iyeu lain potret awewe nu jalan-jalan jeung si Uje teh.

Inot: Euh iyeu mah potret ucing atuh euceu.

Uneh: Salah. Iyeu meureunan. Iyeu lain nyai.

Inot: Tah iyeu euceu. Bener.

Uneh: Euh, siah, nurustunjung sia Uje. Ati-ati siah. Tempokeun. Lain darah Garut mun aing teu bisa ngalabrik lalaki nu ngarana Uje.

Inot: Yeuh, euceu, ari ceuk kuring mah tong make dipikiran teuing. Naon da awewena ge kitu geuning ... geulis.

Uneh: Nya heueuh, nyai. Matak jurig Uje bogoheun oge.

Inot: Euceu, iyeu mah lain pedah di hareupeun euceu, nya. Enya ge geulis, dibandingkeun jeung euceu mah, emh jauh ... geulis itu.

Uneh: Ati-ati siah Uje. Dikeremus ku aing.

Inot: Ulah, ceu, ulah diantep. Atuh kuring bade permiis we nya ceu nya.

Uneh: Iyeu teh permiis atuh nyai, permisi panginten.

Inot: Enya, permisi. Iyeu potret ucing, euceu. Euceu mah meni rajin ngempelkeun potret ucing.

Uneh: Is lain nu euceu, nyai. Iyeu teh nu budak euceu si Endut. Da teuing atuh nyai, nya. Karesepna teh ngumpulkeun gambar sasatoan. Malah karesepna mah ngumpulkeun gambar monyet.

Inot: Euleuh, meni aneh atuh.

Uneh: Duka teuing, nyai. Da ditanya ku euceu teh. Lamun geus gede hayang jadi naon? "Hayang jadi Hanoman." cenah.

Inot: Emh, euceu. Mugi-mugi sing dikobul.

Uneh: Hatur nuhun, nyai.

Inot: Sami-sami.

Uneh: Mangga.

(INOT KALUAR. AYA SAPU DIRAWEL BARI NGALIWAT.)

Uneh: Gusti, aing mah. Ati-ati siah Uje. Dasar teu sapopoho hiji. Nurus tunjung tah. Lamun datang ku aing dikerewes. Cirikeun siah. Uh, aing mah, ka mana deuih si Uje teh nya. Lamun aya, emh, pokona mah. (INOT ASUP.)

Inot: Ceu.

Uneh: Aya naon nyai?

Inot: Poho iyeu teh. Puguh sapu kabawa.

Uneh: Ah atuh ari nyai.

Inot: Mangga atuh nya. (SILIH TANGKEUP. SUN PIPI)

Uneh: Muhun. Mangga nyai. (INOT KALUAR. SAPU KABWA KENEH.) Ah, si Uje nu kitu tea mah. Har kunaon ari si nyai. Kawas nu lieur, nya. Ampun. Hah, linglung kieu mah. (INOT ASUP.) Aya naon deui, nyai?

Inot: Nyaan ayeuna mah. (INOT KALUAR.)

Uneh: Naha atuh? Gusti. Si Uje nu kitu tea mah. Lamun datang siah Uje, awas siah dikerewes ku aing mah. Na teu siun maneh teh ku aing iyeu sakieu gedena kiyeu? Ampun. Gusti nu agung. Si Uje bisa salingkuh kitu. Kurang naon aing teh nya? (UJE DATANG) Tah datang siah jurig teh. Tos ti mana Uje?

Uje: Na make nanya geus ti mana sagala? Biasa we atuh ngider dagang peuyeum. Meunang musibah puguh ge aing teh, Uneh.

Uneh: Musibah naon?

Uje: Heueuh tadi beurang. Aing teh keur leumpang weh bari nanggung. Ari jalan keur leutik teh mudun deuih jaba leueur. Di hareupeun aing aya aki-aki keur ngungkug leumpang. Aing tiseureuleu labuh. Tanggungan peuyeum ngagaleong. Jebrod ngababuk tonggong aki-aki nu keur leumpang tea. Peuyeum bahe, aki-aki tikusruk, tigebrus ka susukan.

Uneh: Puas siah. Eta teh doraka ti aing tah, ti pamajikan siah.

Uje: Aing mah puguh bingung mikiran aki-aki nu tikusrukna, Uneh.

Uneh: Paduli teuing. Na samarukna aing dek sedih? Na samarukna aing dek ngilu mikiran aki-aki nu tigebrus kanu susukan?

Uje: Heueuh, tapi aki-aki nu tikusrukna teh abah sia, Uneh.

Uneh: Naon? Abah? Eta teh bapa aing, dalam kurung mitoha deuleu.

Uje: Heueuh da teu nyaho atuh. Sagan teh lain abah. Ku aing ge dipunten-punten sina nyingkir mearan jalan. Kalah ngungkug we leumpang. Kumaha atuh da geus nasib.

Uneh: Teu kunanaon si abahna?

Uje: Henteu ngan kapaahan hungkul. Tapi da teu lila. Tadi oge hudang deui.

Uneh: Sia mah lain jelema, jurig sugar mah Uje. Indit siah. Menta hampura!

Uje: Enggeus. Harita keneh ge aing teh acong-acongan menta dihampura. Kalahka nonjok deuleu. Leuheung mun nonjok hungkul. Da abah sia mah murang-maring. Peuyeum tina tanggungan dicoolan, dialung-alungkeun ka susukan.

Uneh: Puas siah. Eta teh, yeuh, wawales ka jelema nu doraka ti pamajikan, ti aing sia teh.

Uje: Ari maneh, doraka naon ari aing?

Uneh: Alah montong pura-pura siah. Ari tadi siah di kota jalan-jalan jeung saha?

Uje: Naon iyeu teh sia mah ah?

Uneh: Iyeuh, ceuk aing ge montong pura-pura. Sia teh jalan-jalan di kota jeung awewe, awewena teh make baju hejo.

Uje: Lain bulao.

Uneh: Teuh!

Uje: Eh. Henteu aing mah teu rumasa. Bari ge, Uneh, sia teh ceuk saha? Tong sok ngadenge omongan teu pararuguh. Pitnah deuleu. Pitnah teh lebih kejam dari perkebunan.

Uneh: Uje, cik jawab siah. Ari iyeu potret saha siah, iyeh. (REK NGALUARKEUN POTO TINA KUTANG.)

Uje: Aduh, Uneh, ari sia gagabah nunda potret dina kotak pos.

Uneh: Montong ngabodor siah. Iyeu potret saha siah, Uje? Saha siah?

Uje: Potret jelema atuh, Uneh.

Uneh: Aing oge nyaho iyeu teh potret jelema. Ngan saha jelemana siah? Saha?

Uje: (NAMPA POTO, DITINGALI SALIWAT) Heueuh teuing atuh teu nyaho. Eta maneh meunang potret ti mana bari oge?

Uneh: Aing manggihan tinu tanggungan peuyeum siah. Saha siah?

Uje: Ooh, heueuh, Uneh, inget ayeuna mah. Yeuh, aing teh keur dagang peuyeum aya ibu-ibu milihan peuyeum. Dina leungeunna nyenyekel potret. Tah, meureun keur milihan kitu potret teh rangrag kana tanggungan peuyeum. Heheheh... si ibu... ibu.... aing mah ... aduuhh ....

Uneh: Montong ngabohong siah. Maenya aya nu dek meuli peuyeum bari mamawa potret sagala.  
Potret saha siah, Uje? Saha siah?

Uje: Kiyeu atuh, Uneh. Aing rek terus terang ayeuna mah. Aing teh dagang peuyeum hese payu. Samingga katukang aing teh datang ka dukun. Ceuk dukun lamun hayang payu dina tanggungan peuyeum kudu ditundaan potret awewe. Kabeneran aing teh meunang manggih potret awewe, teundeun weh ku aing teh dina tanggungan peuyeum. Kitu ah, bisi hayang nyaho mah.

Uneh: Ari kitu mah lain potret aing we simpen dina tanggungan peuyeum. Pan aing ge awewe,  
Uje ... awewe....

Uje: Heueuh enggeus ku aing ge dicobaan potret sia ditunda dina tanggungan peuyeum. Heueuh we isukna peuyeum buruk kabeh.

Uneh: Sia mah kabina-bina teuing, Uje. Emangna aing teh ragi? Kuduna oge sia nu buruk tihela teh. Geuningan mangtaun-taun ku aing dikeukeupan teu buruk, siah. Jung tuturkeun tuh ka ditu. Bae da aing mah geus kolot, jaba goreng patut. Itu mah ngora keneh, jaba geulis jiga bentang pilem, Widyaningsih.

Uje: Widyawati meureun bentang pilem mah. Widyaningsih mah bojona juragan Sukatma. Aing mah apal pisan. Juragan Sukatma teh panggihna jeung Widyaningsihna teh di Garut basa hajat. Kiyeu ari caritana mah, Uneh. Harita teh juragan Sukatma ...

Uneh: Gandeng siah, jurig! Ari sia naon los-los nyaritakeun riwayat batur. Aing ge nyaho siah, Uje.  
Sia teh sok masang togel. Da eta meureun nya, peryogi kanggo bobogohan.

Uje: Sia mah sok ngacapruk ka mana wae, Uneh.

Uneh: Ah, da enya siah. Sia mah sok masang togel.

Uje: Iraha? Iraha aing sok meunang, Uneh?

Uneh: Yeuh, aing ge nyaho, Uje. Nyaho siah. Sia teh sok neangan kode togel tuh jeung si Entuy anu biwirna jeding siah.

Uje: Uneh, sia teh gagabah. Kumaha lamun kadengeun .... (NGAHAREWOS)

Uneh: Ari sia ngomong naon?

Uje: Kumaha lamun kadengeun ku dulurna? Si Entuy teh kitu-kitu oge siah dulurna mah jarareneng.  
Adina wae jadi dosen.

Uneh: Lain siah aing ge nyaho. Adina mah yeuh si Warja tukang tahu. Maenya aya dosen ider-ideran kana sapedah bari mamawa blek tahu. Bejakeun tuh ka si Entuy, teu sieun aing, lamun ngamuk dicakar tah.

Uje: Ari maneh nanaonan, Uneh, gagabah rek nyakar tukang tahu.

Uneh: Tuda aing mah kaduhung daek ka sia teh.

Uje: Sia mah ngacapruk we ngomong teh.

Uneh: Tuda geuleuh. Asa katipu aing mah boga salaki ka sia.

Uje: Nipu naon ari aing, Uneh?

Uneh: Har, teu karasa nya. Bareto ka abah ngaku-ngaku dokterandes. Geuning buktina tukang peuyeum. Make ngaku-ngaku wawuh deukeut jeung Acil Bimbo sagala. Hanas aing diwawuhkeun ka Acil Bimbo. Emh, karek nyaho ayeuna aing mah eta mah si Eman siah, tukang meri. Paingan aing teh boga curiga, maenya panyanyi na sakuna metet ku endog meri. Sia mah tega nipu ka aing, tega, Uje.

Uje: Ah, Uneh, aing mah nipu soteh pedah weh harita Abah nipu tihela ka aing.

Uneh: Nipu naon siah ari Abah?

Uje: Heueuh siah. Harita abah make ngaku-ngaku lanceukna Oma Irama. Make ngaku boga rombongan orkes sagala rupa. Geuning buktina ngan tukang gula batok.

Uneh: Ngahina siah ka abah, ngahina? Ati-ati siah, Uje. Abah mah loba baladna tukang gula wungkul. Sia teh teu sieun dikoroyok ku tukang gula?

Uje: Uneh, jangan mengancam begitu atuh. Yeuh, dengekeun. Tukang peuyeum juga banyak baladnya. Ingat siah Uneh kalau sampai tukang gula batok berani macam-macam sama tukang peuyeum pasukan peuyeum tidak akan tinggal diam, Uneh. Kalau sampai peuyeum dan gula bentrok, ini bisa mengakibatkan terjadinya kolek atuh, Uneh.

Uneh: Gandeng siah jurig. Ngobrol jeung sia mah pidorakaeun wungkul. Salingkuh beuki, judi togel komo. Sebel aing mah.

(ENCUY ASUP.)

Encuy: Punten.

Uje: Aya semah itu, Uneh.

Uneh: Mun nu sok masang togel mah, iyeuh, jalema teu baleg. Komo bandarna jelema teu eling tah.

Uje: Aeh-aeh, menggeus heula, aya semah, era.

Encuy: Punten.

Uje: Mangga.

Encuy: Asalamualaikum.

Uje: Waalaikumsalam.

Uneh: Lamun aing jadi pamarentah, dibasmi tah ku aing jurig togel.

Uje: Aeh-aeh, si Uneh, meuggeus heula aya semah, era. (KA ENCUY) Punten we, cep, ah.

Encuy: Teu sawios, kang. Abdi nu punten mah, tos ngaganggu.

Uneh: Ah, henteu, encep. Upami salingkuh, bobogohan deui, sareng masang judi togel eta mah leres ngaganggu.

Uje: Uneh, meunggeus heula. Sia teh kumaha. (KA ENCUY) Dupi encep teh ...?

Encuy: Abdi? Abdi nepangkeun, wasta abdi Encuy.

Uneh: Iyeu semah usir sina balik.

Uje: Kunaon ari sia, Uneh?

Uneh: Maenya aya semah ngarana Encuy.

Uje: Ari sia sugaran teh naon. Atuh keun bae naha da ngaran-ngaran batur. Sia mah bet jadi urusan.

Uneh: Atuh da geuleuh. Naon Encuy.

Uje: Sia mah teu pararuguh pisan. (KA ENCUY) Ari encep kunaon atuh bet Encuy? Maksad abdi teh aya peryogi naon, cep?

Encuy: Eu, kiyeu kang abdi teh, bade tumaros. Manawi uninga pun lanceuk wastana teh Suroto.

Uneh: Tuh, Uje, lanceuk na mah alus Suroto. Naha adina beut Encuy?

Encuy: Da sadidintenna mah anjeuna teh sok disebatna teh Pa Oot Suroto.

Uje: Oot? Tah Uneh, sugaran sia apal ka ngaran Oot.

Uneh: Nyaho pisan atuh, Uje. Oot teh lemesna tina nginum. Abdi hanaang, teu kiat hoyong oot.

Uje: Eueut eta mah, Uneh. Sia teh tong dihereykeun wae atuh.

Uneh: Ke... ke..., dupi dedegan teh kumaha, cep, raka teh?

Encuy: Da dedeganna mah, jangkung hideung, dikaca soca, kumisan.

Uneh: Ooh, eta mah teu tebih bumina ti dieu, Encep. Kinten-kinten saratus meter, ngetan we. Bumina teh cet hejo, di payunenna teh aya tangkal jambu aer.

Encuy: Namung leres jangkung hideung?

Uneh: Henteu, pendek lintuh.

Encuy: Dikaca soca, kumisan?

Uneh: Ah, henteu.

Encuy: Namung namina mah leres Pa Oot Suroto?

Uneh: Sanes, Mahpuдин.

Encuy: Har.

Uje: Uneh!

Uneh: Cobian we atuh tepangan, Encep. Susuganan anjeuna teh keursaeun digentos jenengaanna janten Oot Suroto.

Uje: Lamun lain pamajikan siyah, dipekprek ku aing. Duh punten we, cep, teu terang lah.

Encuy: Da jelas alamatna mah, kang, iyeu teh.

Uneh: (KA UJE) Dupi alamatna di mana, encep?

Uje: Lain ka aing atuh. Ka ditu.

Uneh: (KA ENCUY) Dupi alamatna di mana, Encep?

Encuy: Da alamatna mah jelas. Ka abdi teh masihan kartu nami malih mah. Tah ieu, ceu,

alamatna mah tah.

Uneh: Uje.

Uje: Nepi ka riweuh kieu aing mah. (MACA) De er es Oot Suroto, jalan Ciendog nomer genep Garut. Har, geuning ieu mah di Garut, Cep.

Encuy: (MACA) Di Garut? Manawi abdi teh di Bandung, kang. Paingan teu kapendak nya dipilarian ku abdi kaditu kadieu. Aduh punten, ceu nya, punten.

Uneh: Ah teu sawios wios.

Encuy: Kang, punten nya.

Uje: Hemh.

Encuy: Permios atuh nya permios.

Uje: Ke... ke... ke..., kirang sae atuh, Cep. Sakedap. (NEANGAN RANCATAN PEUYEUM)

Encuy: Lieur abdi mah, aduh. Abdi mah lieur, ceu, milarian pun lanceuk teh. Lieur.

Uneh: Teu kedah lieur atuh, encep. Meningan ge tong gaduh lanceuk geura ieu. Ngalieurkeun.

Encuy: Abdi tos kukurilingan. Lieur abdi teh, kang. Permios wae permios.

Uje: Sep, kirang sae. Sakedap, antosan.

Encuy: Muhun.

Uje: Encep teh nuju milarian raka?

Encuy:Leres, pun lanceuk.

Uje: Teu acan tepang sareng raka?

Encuy: Sumuhun.

Uje: Ku abdi bade ditepangkan.

Encuy: Alhamdulilah! Sareng pun lanceuk?

Uje: Lain sareng ieu rancatan peuyeum, kumargi sia geus ngalilieur ka aing, kudu dijebrod ku ieu.  
Diiitung siah nepi ka tilu. Hiji ... dua ....

Encuy: Tilu, kang, tilu. (LUMPAT KALUAR)

Uje: Ampun teuing aing mah keur bingung teh.

Uneh: Leuheung mun ngaranna teh alus, Uje, naon da ieu mah Encuyyyyy. (ENCUY ASUP.)

Encuy: Bade aya naon deui, Euceu? Nyauran abdi Encuy.

Uneh: Henteu, henteu, henteu. (ENCUY KALUAR.)

Uje: Ari sia Uneh atuh bet gogorowokan.

Uneh: Teuing atuh Uje. Salah.

Uje: Bingung aing mah.

Uneh: Lalieur kieu nya. Kumaha ieu teh? (ENCUY ASUP. NGALIWAT)

Uje: Bade aya naon, Encep? Nepi ka kitu aing mah. Aduh.

Uneh: Naha Uje nya?

(IROH ASUP)

Iroh: Euleuh-euleuh geuning, jang Uje jeung nyi Uneh, timarana ieu teh?

Uneh: Ah, teu timamana, Ceu. Didieu we ti tadi ge.

Iroh: Euh hampura atuh Euceu nya. Puguh ge Euceu teh kakara pisan jol. Biasa weh tas ngarambet.  
Ke dagoan atuh urang nyieun heula kopi nya.

Uneh: Har, Euceu, naon ari Euceu teu pupuguh nyien kopi, weh.

Iroh: Ih, eta mah kawajiban Euceu atuh, ngahormat semah. Ke dagoan.

Uneh: Semah?

Iroh: Enya ari nyai apan ieu teh imah Euceu.

Uje: Imah Euceu?

Iroh: Enya.

Uje: Da ieu mah imah kuring.

Iroh: (NGILIKAN) Imah Jang Uje, nya?

Uneh: Enya imah kuring, Ceu.

Iroh: Astagfirulloh Gusti Anu Maha Suci, ari rarasaan teh imah Euceu.

Uneh: Yahhh.

Iroh: Hampura nya jang Uje, nyi Uneh, Euceu teh beut loslos ka imah batur nya. Ieu hampura.  
Emh, tepi ka linglung. Boa-boa Euceu teh rek jadi pejabat.

Uje: Har, naon ari Euceu ujug loslos ka pejabat.

Iroh: Ah.. da enya. Jalema galedé anu baroga jabatan pan nu sok lalinglung mah.

Uneh: Linglung kumha ari Euceu ?

Iroh: Yeuh kieu geura nyah pikirkeun. Dibere jabatan teh meureun keur ngurus masyarakat, keur kamakmuran rakyat. Iyeu mah der dipake keur kamakmuran beuteung sorangan. Pan eta teh lain linglung? Tah ayeuna euceu geus linglung sugaran we nya jadi pajabat.

Uje+Uneh: Emh... amiinnn... aminnn, Ceu.

Iroh: Nya geus atuh kitu nya ceu hampura yeuh euceu nya. Euceu rek balik nya.

Uje+Uneh: Mangga ceu.

Iroh: (MAWA BOBOKO) Ieu mah rek dibawa atuh nya da nu Euceu tadi ge ieu mah. Nya hayuu ah..

(IROH KALUAR.)

Uje: Bener ceuk Ceu Iroh bieu, Uneh, sabenerna mah. Didieu teh loba jalema anu linglung. Emh mudah-mudahan we ketang wakil rakyat mah teu kabawa linglung.

Uneh: Naon ari sia jig-jig ka wakil rakyat sagala?

Uje: Ah da heueuh. Geura we pikiran ku maneh. Kapan meureun wakil rakyat teh yeuh jalema palalinter. Tapi geningen naha dina sidang bisa paheuras-heuras genggerong tug nepikeun ka gelut sagala rupa? Mun kitu mah Uneh nyontoan teu bener nu kitu teh. Ngerakeun! Bet dina rapat RT ge asa teu nepi ka kitu! Yeuh tetela lamun jadi wakil rakyat kudu garelut meureun engke mah, yeuh, salah sahiji syarat jadi wakil rakyat teh kudu bisa penca, heuh. Tetela nu di luhur nu lalinglung mah, Uneh.

Uneh: Di handap sia nu linglung.

Uje: Naha aing make disebut linglung?

Uneh: Yeuh geus puguh sia teh boga pamajikan, tah aing! Der bobogohan. Na teu linglung sia ari kitu?

Uje: Sia balik deui kadinya sia mah!

Uneh: Ah da heueuh siah. Geus dibere jalan neangan rizki teh ku jalan dagang peuyeum der masang togel. Puguh sia nu linglung mah.

Uje: Sia mah Uneh puguh we kadinya deui kadinya deui

Uneh: Da heueuh. Leuheung mun karek ayeuna sia salingkuh! Ayeuna jeung tukang lotek, bareto jeung tukang bubur lembu. Sia nu linglung mah!

Uje: Uneh! Ari sia tong ngungkit-ngungkit masa lalu atuh, yeuh. Dengekeun. Yang lalu biarlah berlalu. Sekarang kita songsong masa depan yang lebih cerah. Bukan begitu, Dik?

Uneh: Nyao ah ....

(LEBE LEBET.)

Lebe: Assalamualaikum.....

Uje+Uneh: Walaikum salam.....

Uje: Aehhh gening aya Wa Lebe. (UA LEBE NYAMPEURKEUN.) Mulih ti mana ua?

Lebe: Hah?

Uje: Datang deui piriweuheun teh, Uneh. (KA UA LEBE) Ua mulih ti mana?

Lebe: Naon? Teu kadenge, deuleu. Ua mah enggeus kolot.

Uje: Ua mulih ti mana?

Lebe: Hah?

(UJE NYINTREUK CEULI UA LEBE)

Lebe: Euh, ngahaja ka dieu. Ngahaja Ua teh. Jauh dijugjug anggang diteang teh hayang panggih deuleu. Kumaha cageur, Uneh?

Uneh: Alhamdulillah, au. Heh, au siah. Ua. Sing baleg ari ngomong teh.

Lebe: Kumaha cageur, Jang Omod?

Uje: Omod? Sanes Omod atuh, Ua, Uje.

Lebe: Hah?

Uje: Uje.

Lebe: Naon?

(NYINTREUK / NOEL KU RANCATAN.)

Lebe: Euh, Uje nya.

Uje: Bade aya naon atuh Ua ka dieu teh?

Lebe: Emh, Ua teh aya perlu, deuleu.

Uje: Tapi samulihna Ua kumaha, damang?

Lebe: Naon? Ngambang? Naon anu ngambang teh, deuleu?

Uje: Ua damang?

Lebe: Hah?

Uje: Beuh....

(UJE REK NYINTREUK CEULI LEBE. UA LEBE MERE ISYARAT ULAH. TULUY NYINTREUK MANEH.)

Lebe: (NYINTREUK SORANGAN) Euh, alhamdulillah ... alhamdulillah .... Cageur, Jang, cageur.  
Aya hibar Ua teh.

Uje: Bade aya peryogi naon Ua ka dieu teh?

Lebe: Hah?

Uje: Ah, Uneh, lieur aing mah nanyana oge. Ku maneh!

Uneh: Ua?

Lebe: Hemh?

Uneh: Ua mere kese keubeuteuk meridil tumhaho hare-hare, Ua. (GAYA BAHASA INDIA)

Lebe: Bobogohan deui? (KA UJE) Montong deuleu! Cing karunya ka pamajikan. Pamajikan kieu mah kudu dipikanyaah, deuleu. Anu donto, anu montok kieu mah mun bisa mah dilaminating ku sia teh.

Uneh: Ua, nibleket kitu kuhiuwu hau-hau, Ua.

Lebe: Sok masang togel? (KA UJE) Haram deuleu nu kitu teh! Tong dipasangan! Mudorotna leuwih loba tibatan alusna. Kudu dibasmi nu kitu mah komo jeung beking-bekingna. Kudu dibasmi, deuih!

Uje: Tapi Ua, leres sakatap lakleu saplakatak saplakatak.

Lebe: Montong ngacapruk ari maneh teh deuleu! Aing mah teu ngarti, deuleu. Nanaonan kitu ngomong teh. Cing baleg ari ngomong teh! Yeuh, Ua mah jauh dijugjug anggang diteang teh aya maksud, Ua teh rek....

Uje+Uneh: Ua, Ua, ieu.....

Uje: Ari kolot...

Lebe: Ua teh rek nganteurkeun ondangan. Minggu hareup Ua teh rek ngawinkeun incu.

Uje: Oh.....

Lebe: Ku kituna, Nyi Uneh jeung Jang Uje kudu hadir. Bantuan Ua, nya!

Uje: Mangga.

Lebe: Heueuh.

Uneh: Da lamun aya artos mah tangtos dongkap, nya Uje nya....

Uje: Muhan Ua.

Lebe: Eh, didoakan ku Ua. Tah ieu ondangannana. Ke... ke... ke... bisi pahili jeung batur. (MACA)

Kahatur anu dipihormat dobel u, dalam kurung Uneh and Uje. (MERE ONDANGAN.

TERUS NGALUARKEUN DUIT TINA SAKU) Tah ieu duit ... (UJE NGARAGAMANG

REK NAMPA) duit Ua ieu mah. Ngahaja Ua teh mawa duit, Ua teh jang nyumbang

sasieureun jeung sabeunjeureun keur baraya-baraya urang anu keuna musibah di tanah Aceh

jeung Sumatra Utara. Ulah ditingali leutikna ulah ditingali gedena, nu penting mah

kaikhlasan jeung karidhoannana, deuleu. Nu leuwih hade mah nya gede nya ikhlas. Tah ku

kituna mana kencelengna? Sateuacan aya kencleng urang asupkeun heula kana kencleng Ua.  
Kitu ti Ua mah omat dina waktuna kudu hadir. Ua permios heula. Assalammu alaikum.  
Uneh+Uje: Waalaikumsalam, Ua. (UA NGALEOS KALAHKA REK ASUP KA KAMAR UJE)  
Uneh: Itu, itu..... (NEPAK UJE)  
Uje: Ua, Ua ....eta mah ka kamar abdi atuh. (INDIT BALIK ARAH.)  
Uje: (KA UNEH) Uneh, aing mah keur teu boga duit teh aya ondangan deuih. Ari teu datang era ku Lebe.  
Uneh: Nya heueuh atuh kudu datang. Maeunya ari diondang ku Ua Lebe meuni teu datang. Ari tuh ku tukang lotek teu diondang oge meuni datang.  
Uje: Sia mah geus ka dinya deui wae atuda ngomongna.  
Uneh: Sebel tuda aing mah.  
Uje: Bener minggu hareup.  
Uneh: Enya bener, Uje.  
(DATANG ENCUY)  
Uje: Bade naon deui, Cep? Bade ngagorowok Encuy deui? (ENCUY NGALIWAT) Ampun aing mah.  
Uneh: Ampun aing mah Uje, Gusti Nu Agung.  
(LEBE DATANG DEUI)  
Uje: Bade mulih? Aya naon deui Ua?  
Lebe: Encuuuuuuuuuuuuuuuuuyyyyyy (ngagorowok)

### Babak 3

Juragan Istri: (POHO NGAGOROWOK) Tah... tah mengpeung rineh, meungpeung tacan aya tamu ibu hoyong nyarios ka bapa.  
Juragan Pameget: Nyarita naon? Rek naon, bu? Aya naon? Naon atuh ieu teh? Naon....ah....?  
Juragan Istri: Ke ... ke..., Bapa ke... Tenang heula, Pa.... tenang.... Yeuh bapa, urang the pan nuju hajat cik atuh, Pa, sing gumbira, sing cenghar. Ieu mah ditingali-tingali ku ibu ti tatadi Bapa mah ngan baeud wae, ambek-ambekan. Kunaon, Pa? Cik kunaon? Aya naon? Naon atuh?  
Juragan Pameget: Tenang atuh, bu... Rek teu ambek-ambekan kumaha? Geus puguh rek hajat, der suku kacugak ku paku.  
Juragan Istri: Teu kedah ambek-ambekan atuh, Pa. Kedahna mah bapa teh ngaraos sukur kacugakna ku paku. Cobi upami kacugakna ku linggis, bade kumaha?  
Juragan Pameget: Kamana wae ibu mah nyarita teh.  
Juragan Istri: Atuh da lepat bapa mah. Tos terang bade hajat, der ieu mah riweuh ngoprek kandang domba. Pakuna pabalatak. Pan janten kacugak.  
Juragan Pameget: Ngomean kandang domba soteh pedah panto kandangna rek lesot. Teu diomean mah paur atuh bu. Kumaha lamun keur parasmanan dombana laleupas? Pan riweuh atuh. Mangkaning domba adu wungkul. Kumaha lamun domba diadu jeung semah?  
Juragan Istri: Bapa mah upami diajak nyarios teh sok teu puguh. Ibu mah lieur.  
Juragan Pameget: Atuh da enya, eukeur mah suku kacugak, jol deui piambankeun nu sejen.  
Juragan Istri: Aya naon deui bapa?  
Juragan Pameget: Tingal ku ibu. Tah surat ondangan. Gara-gara si Pudin, jelema atahadol. Di sadunya ge moal aya jelema ceuleupeung siga si Pudin. Kamana deui eta jelemana? (NGAGOROWOK) Pudin ... Pudin ... Pudin ....  
Juragan Istri: Pa, teu kedah gogorowokan nyauran si Pudin mah lalaunan wae... (NGAHAREWOS) Pudin.....  
Pudin: (NGAGOROWOK) Kulan ..... (PUDIN ASUP)  
Juragan Istri: Nya... ceuk ibu oge!  
Pudin: Bade aya naon juragan ?  
Juragan Pameget: Pudin, silaing dititah nyieun ondangan ku dewek. Di mana silaing nyieun ondangan ieu?  
Pudin: Di si Tekan, Gan, rerencangan abdi.

Juragan Pameget: Terus nanaonan dina surat ondangan ngaran dewek tukangna make es ha? Pan silaing ge nyaho dewek mah lain sarjana hukum? Era deuleu ku batur.

Pudin: Ehm... ieu mah kieu gan. Basa abdi ka si Tekan, diditu tos aya jalmi duaan. Terus sami bade ngadaramel serat uleman. Tah duanana oge, anu garaduh hajatna ge ngaranggo es ha, kitu.

Juragan Pameget: Terus?

Pudin: Kitu gan... Terus tah eu... abdi ge nurutan wae jenengan juragan di pengkerna nganggo es ha. Da emutan abdi mah pasti es ha teh singgetan tina sohibul hajat.

Juragan Pameget: Nya... si eta mah kitu da. Dasar jelema cileupeung si Pudin mah.

Juragan Istri: Naha atuh ari maneh Pudin, aya-aya wae.

Juragan Pameget: Terus, nanaonan ieu ngaran dewek Suminta, kunaon euy di hareupna teu make er? Raden Suminta kitu.

Juragan Istri: Lah, atuh, Pa, sawios teu nganggo er oge. Da teu aya sahurup mah moal aya pangaruhna.

Juragan Pameget: Hiss, ceuk saha, Bu? Ceuk saha euweuh pangaruhna? Leungit sahurup oge beda harti atuh. Geura we ucing. Leungitkeun hurup ge-na jadi ucin. Jelas beda atuh. Ari ucing mah sato, ari si Ucin mah tukang cukur. Maenya aya ucin dahar beurit? Teu kira-kira. Di mana tukang cukur dahar beurit?

Pudin: Teras Bandung, Gan, teu aya hurup ge-na pan janten bandun. Bandun kota kemban, pan ngadanguna oge hoyong seuri, Gan. Ha ... ha ... ha ....

Juragan: Montong ngabodor siah. Lieur ka aingna ge.

Juragan Istri: Geura we, ucing upami teu aya ge-na pan jadi ucin.

Juragan: Eee, eta mah bodoran bapa bieu, Bu. Kumaha ari ibu? Meni asa lalieur aing mah.

Juragan Istri: Naa atuh pa lah, atos nu kitu tong janten emutan.

Juragan: Atuh da kesel aing mah. Pudin...

Pudin: Abdi, Gan?

Juragan: Wayahna euy, silaing indit ka kandang domba. Tingali domba dewek bisi can diparaban. Terus silaing ka dieu deui. Kaharti?

Pudin: Kahartos juragan.

Juragan: Ieu sakalian bawa ondangan.

Pudin: Pasihkeun ka domba, Gan?

Juragan: Lain, piceun.

Pudin: Oh, manga, Gan.

Juragan: Ampun aing mah, boga bujang teh cileupeung pisan, kesel bapa mah, Bu.

Juragan Istri: Aeh, ibu anu kesel mah bapa, nuju hajat kieu Bapa mah masih keneh we ngemutan domba.

Juragan: Enya atuh bu, da eta teh domba mahal. Ieu geura, Bu... (NGARENGKENEK DIKENDANGAN) Aeh, naon atuh make dikendangan sagala? Bu, domba bapa the domba mahal, kamari ge domba anu tandukna hideung, rek aya nu nukeran ku motor.

Juragan Istri: Bade digentosan ku motor mah atuh, Pa, pasihkeun we.

Juragan: Heueuh da ituna embungeun.

Juragan Istri: Sungan teh enya. Ieu Bapa, cing atuh tong kabina-bina teuing resep kana domba teh. Tuh tingali batur mah ka kalantor. Ieu mah enjing-enjing keneh riweuh ngamandian domba.

Juragan: Har, na make kudu era Bu, da wajar ngamandian domba mah. Lamun unggal isuk Bapa ngamandian tihang listrik, kakara Ibu era. Jeung deuih Bapa mah da ngamandian dombana oge make calana. Lamun kaluhurna make kaos sangsang wungkul, kahandap teu make nanaon, kakara Bapa ge era.

Juragan Istri: Ah Bapa teh, domba diadu-adu teu aya kawatir. Ieu Bapa, sok ciptakeun ku Bapa, kumaha lamun Bapa jadi domba?

Juragan: Ess... teu bisa. Di mana aya domba hajat? Maenya aya domba Raden?

Juragan Istri: Ya Alloh... tobat Gusti. Bapa, Ibu mah mung ngelingan hungkul, bilih jaga Bapa maotna diteunggar ku domba.

Juragan: Nu lain-lain wae ah Ibu mah. Di mana aya jelema paeh diteunggar domba? Lamun bari neunggar tandukna digantungan dinamit, kakara Bapa percaya.

Juragan Istri: Aduh Gusti, diajakan nyarios teh sok teu leres Bapa mah, sesah. Ieu Bapa, da Bapa mah teu terang, ku resep-resepta Bapa kana domba da ngalindur ge jiga domba.

Juragan: Iraha Bapa mah teu ngarasa?

Juragan Istri: Sumuhun da Bapa mah moal ngaraos. Nuju tengah wengi teh jol curunggunung bari nyirintil, jedak we mastaka Bapa kana ranjang. Da Ibu teh watir. Wel we jukut kana lambey Bapa. Kulem deui we Bapa teh.

Juragan: Aya-aya wae Ibu mah.

Juragan Istri: Enya ah Bapa mah.

(IJEM ASUP.)

Ijem: Juragan....

Juragan: Saha nu nyalukan maneh?

Ijem: Saur Pudin abdi disauran ku Juragan.

Juragan: Henteu, teu rumasa aing mah. Indit ka ditu jung!

Juragan Istri: Eeh Ijem, tong waka indit, cicing heula di dieu! Kami aya perlu. (KA JURAGAN PAMEGET) Ieu Bapa, Ibu mah sanes heureuy nya. Saur sepuh oge jalmi mah kumaha amal perbuatanana.

Ijem: Emh...

Juragan Istri: Sok aya Bapa wartosna eta teh. Maling oray maotna dipacok ku oray.

Ijem: Emh...

Juragan Istri: Maling buaya pupusna ku buaya.

Ijem: Emh...

Juragan: Ari maneh nanaonan atuh?

Ijem: Heuheuheu...

Juragan: Lah, teu percaya Bapa mah. Geuning paraji euweuh nu maotna digegel ku orok. Lamun kitu mah meureun tukang lotek oge maotna direndos. Bapa mah karunya ka tukang cendol, meureun maotna teh dikocek.

(ITEUK JURAGAN PAMEGET DIBEBETOT KU IJEM)

Juragan: Ari maneh nanaonan atuh? Ampun aing mah.

Juragan Istri: Aeh-aeh... Bapa, eta teh kasauran sepuh. Tos seueur kabuktosan tong diheureuykeun. Nya Ijem nya?

Ijem: Leres, Juragan. Tong tebih-tebih contona tatanggi abdi, tukang ngala oray lima dinten kapengker pupus. Ni watir abdi mah, Juragan.

Juragan Istri: Dipacok ku oray pan pupusna teh, Ijem?

Ijem: Sanes, panyawat batuk gangsa.

Juragan Istri: Har ari maneh atuh.

Juragan: Asa lieur aing mah.

Ijem: Aya deui juragan.

Juragan: Sok siah ngacapruk.

Ijem: Leres ieu mah Juragan. Tatanggi nu pun uwa padamelana teh sadidintenna teh tukang nguburkeun. Maotna ge dikubur.

Juragan: Nya heueuh atuh ari eta mah. Aya-aya wae sia teh, Ijem. Indit, Ijem.... Indit! Asa lieur aing mah. (IJEM REK KALUAR. DISAURAN.) Ijem, ka dieu. (IJEM NYAMPEURKEUN, DIREUREUWAS) Waahh .... Euweuh sahulueun boga bujang teh. Boga bujang kabeh euweuh sahulueun. Lieur ka Bapana ge. (KA JURAGAN ISTRY) Kumaha atuh ieu teh, Bu, barudak ti tatadi didangdanan rek kawin wayah kieu can jebul keneh.

Juragan Istri: Sumuhun nya. Ka marana barudak teh da ka salonna, Bapa, tos ti tatadi. Urang telepon heula nya, Pa. (NELEPON) Halo, sareng salon Ibu Entin? (KA JURANGAN) Pa, sakedap, nya. (NELEPON) Barudak teh kumaha tos arangkat teu acan?

Juragan: Heuh, asa riweuh. Hajat ngawinkeun budak asa rariweuh. Baheula aing kawin teu ngariweuhkeun anak.

Tukang Koran: Koran ... Koran ... Berita hangat ... Berita hangat ....

Juragan: Kumaha atuh ieu teh, keur riweuh der ditawaran koran.

Tukang Koran: Bade koran, Bapa?

Juragan: Naon Bapa? Naon Bapa? Naha dewek teh bapa maneh?

Tukang Koran: Oh, punten. Bade koran, Juragan?

Juragan: Tah kitu nyebut juragan.

Tukang Koran: Berita hangat, Gan. Seorang perampok ganas ditangkap, Gan.

Juragan: Nanahaon ngarampog ganas. Ganas mah loba di imah dewek ge. Teu kudu dirampog.

Tukang Koran: Gan, ke heula, ieu hiji deui, Gan. Seorang pejabat diduga terlibat korupsi, Gan.

Juragan: Har, naon anehna? Lamun aya pejabat diduga jujur sekali kakara beritakeun ka dewek.

Tukang Koran: Gan, konglomerat kabur, Gan.

Juragan: Teangan siah ku sia. Teangan! Teu uyahan, neangan duit di dieu dibawa ka lemburna ka luar negeri. Teangan nepi ka kapanggih. Indit teangan!

Tukang Koran: Permios atuh, Gan.

Juragan: Ampun nepi ka lieur kieu. (TELEPON DISADA, DIANGKAT) Halo, sareng saha ieu?

Juragan Istri: Sareng Ibu.

Juragan: Sareng Ibu? Ari Ibu di mana?

Juragan Istri: Caket sareng Bapa.

Juragan: Deukeut Bapa? (MAREUMAN HP) Ari Ibu nanaonan atuh.

Juragan Istri: Eh, Bapa, Bapa mah moal kaemut nya, Petugas keamanan tos sarumping teu acan?

Juragan: Aeh, heueuh. Kamari eta si Dudung dititah ka dieu, can datang keneh.

Dudung: Asalamualaikum

Juragan Istri: Waalaikum salam.

Juragan: Ah, kabeneran. Panjang umur silaing euy. Kakara diomongkeun ku dewek. Kumaha euy?  
Naha, ka mana si Aceng? (SATPAM 1+2 CABREK BARI HORMAT GRAK.)

Satpam 1: Tadi ku abdi duaan disampeur ka bumina. Nuju rame gan. Nuju pasea sareng istrina.

Juragan: Astagfirullah al adzim.

Satpam 1: Rupina mah engke tangtos ka dieu upami paseana tos beres.

Juragan: Kakara ge digawe sapoe si Aceng. Heueuh, awas euy. Jalankeun tugas, sing ati-ati.

Satpam 1+2: (CABREK BARI HORMAT GRAK) Siap, Bos.

Satpam 2: (KA SATPAM 1) Naon cenah, euy?

Satpam 1: Kalade lunas narik padati.

Satpam 2: Jalankeun tugas, sing ati-ati.

Satpam 1+2: (CABREK BARI HORMAT GRAK) Beres, Bos.

Juragan: Kade euy. Perhatikeun parkir mobil tamu.

Satpam 1+2: (CABREK BARI HORMAT GRAK) Siap, Bos.

Satpam 2: (KA SATPAM 1) Naon cenah, euy?

Satpam 1: Pang meulikeun kikih, jeung jajamu.

Satpam 2: Perhatikeun parkir mobil tamu.

Satpam 1+2: (CABREK BARI HORMAT GRAK) Siap, Bos.

Juragan: Lah, enggeus jung geura jaraga, ah!

Juragan Istri: Eh, ke heula. Memeh jaraga mah mening ge dalahar heula tuh. Jung ka dapur.

Satpam 1: Siap, Gan.

Satpam 2: (KA SATPAM 1) Naon cenah, euy?

Satpam 1: Ka Kalijaga, ka Sempur heula.

Satpam 2: Memeh jaga, ka dapur heula.

Satpam 1+2: (CABREK BARI HORMAT GRAK) Beres, Gan. (KENDANG DISADA LANGSUNG SATPAM HUT-HET) Ciat!

Juragan: Asa lalieur boga anak buah teh. Euweuh nu bener pisan.

Satpam 1+2: (DARATANG DEUI)

Juragan: Aeh aeh, aya naon deui?

Satpam 1: Ngala cengek, ngala sosin, manuk puyuh jeung galatik.

Satpam 2: Lamun naek harga bengsin, anu ripuh rayat leutik. (CIAT! NGARENGKENEK.)

Juragan: Beu. Ampun aing mah. (SATPAM KALUAR)

Juragan: (NGILIKAN JAM TANGAN) Bu, tos ditelepon teu acan barudak teh.

Juragan Istri: Tadi teh tos ditelepon, tos di-SMS. Naha da teu aya wae atuh nya. Teu nyambung.

Urang telepon deui atuh, Bapa. Halo ... Pa, antosan nya. Halo ... (KALUAR)

Satpam 3: Asalamualaikum.

Juragan: Waalaikumsalam. Eh, silaing, Aceng.

Satpam 3: Siap, Gan. Punten abdi kasiangan. Pasea heula, Bos.

Juragan: Heueuh. Dewek geus nyaho ti si Dudung. Aya naon euy?

Satpam 3: Sakalian mau melapor, Bos.

Juragan: Aya naon?

Satpam 3: Di luar ada orang yang mencurigakan.

Juragan: Deuh, aya nu nyuringakeun? Lah geus we sina balik.

Satpam 3: Atau ... sekalian saja bawa ke sini, Bos?

Juragan: Aeh aeh, geus puguh dewek keur riweuh. Sina balik!

Satpam 3: Tapi jalmina istri, Bos.

Juragan: Paduli teuing, sina balik!

Satpam 3: Geulis, Bos.

Juragan: Aah, sina asup!

Satpam 3: Siap, Bos. (KALUAR)

Juragan: Aya-aya wae aing mah.

SATPAM 3 ASUP MAWA IJEM.

Satpam 3: Tah ieu jalmina, Bos.

Juragan: Har atuh ieu mah si Ijem, pembantu didieu.

Satpam 3: Pembantu, aduh, punten we, Jurangan. Da teu terang abdi mah. Ieu awewe nyuringakeun, bulak-balik wae ka dapur.

Ijem: Aing mah bulak-balik ka dapur soteh keur masak, Jurig. Maneh nyangka bangsat ka aing teh?

Satpam 3: Hampura we atuh, Ceu. Da can wawuh kuring mah. (MUNDUR)

Ijem: Hampura-hampura naon, ari sia hayang dikerewes ku aing teh? (NGUDAG SATPAM 3, TOLOMBONG DIBEBESKEUN KALAHKAN KEUNA KA JURANGAN)

Juragan: (NGAGOROWOK) Aeh aeh, Ijem naon ieu teh? Indit siah, Aceng!

Satpam 3: Siap, Bos. (INDIT BARI DIKENDANGAN, KENDANG EUREUN DI TENGAH JALAN.) Kendangan atuh euy! (KENDANG EUREUN. ACENG NGALEOS.)

Jurangan: Maneh oge Ijem, indit! (IJEM NGARENGKENEK INDIT.) Sugan garelo kabeh jelema teh.

(IJEM DATANG DEUI)

Jurangan: Aya naon deui, Ijem?

Ijem: (NGAREUREUWAS) Waaw!

Jurangan: Astaghfirullah. Bisa paeh ngadadak aing kieu carana.

PUDIN ASUP.

Jurangan: Silaing, Pudin. Kumaha domba teh euy geus diparaban?

Pudin: Parantos, Juragan.

Jurangan: Heueuh, alus. Dibere roko ku dewek dua batang, euh bulan hareup we nya.

Pudin: Opat, Gan. Sasih kamari teu acan.

Juragan: Beu, aya-aya wae aing mah. Pudin, ari Ibu ka mana?

Pudin: Pun biang, Gan. Aya we di kampung, Gan.

Juragan: Aeh-aeh, Ibu, Juragan Istri.

Pudin: Oh, ke urang pilarian heula sakedap nya. (JURAGAN ISTRI LEBET.)

Juragan Istri: Halo, sumuhun. Aduh .... Kumaha atuh .... Euleuh ....

Juragan: Bu, Bu, atos atuh, Bu. Teteleponan wae, lieur Bapana.

Juragan Istri: Aduh, Bapa lumayan teleponna anyar. Bapa, sanes nanaon, bieu Ustaz Didin teh nelepon. Saurna teh teu tiasa janten protokol. Ngadadak cenah, Pa, nyeri waos.

Juragan: Beu, ampun. Maenya aya ustaz nyeri huntu. Kudu aya gantina.

Juragan Istri: Sumuhun kedah aya gentosna. Tapi saha anu tiasa janten protokol? Pudin, cikan saha anu bisa ngaganti Ustaz Iin?

Juragan: Kedah anu sami sareng Ustaz Iin, Gan? Kedah anu nyeri waos?

Juragan: Aeh-aeh montong diheureuykeun. Nyaho dewek keur riweh der ngaheureuykeun, silaing mah. (MIKIR) Heueuh enggeus weh. Heueuh, bener. (MEH BARENG JURAGAN ISTRY) Si Pudin jadi protokol mah.

Pudin: Aduh, ulah abdi atuh, Juragan. Abdi mah nyarios di payun nu seueur teh sok lieur, hoyong utah.

Juragan: Euweuh alesan. Wayahna silaing kudu jadi protokol. Tong ngerakeun dewek. Hayoh.

Pudin: Para hadirin ....

Juragan: Eeeh, lain ayeuna. Engke lamun enggeus loba semah. (KA JURAGAN ISTRY) Kamana atuh cenah, Bu? (SATPAM ASUP) Aya naon, Aceng?

Satpam: Siap, Gan. Rombongan penganten sudah datang.

Juragan: Alah.

Juragan Istri: Euleuh. (NYAURAN IJEM) Ijem ... Ijem ... Rombongan panganten geus datang, Ijem.

Ijem: Abdi kedah nyumput di mana, Juragan?

Juragan Istri: Beberes, Ijem.

#### Babak 4

(WALIMAH PANGANTEN. PANGANTEN DIIRING KA TENGAH BALE. NGALIWAT KA TENGAH-TENGAH PENONGTON. KORSI PANGANTEN KEUR DIDIUKAN KU ENCUY JEUNG INOT.)

Juragan: Aeh-aeh cing balener atuh ieu teh.

Pudin: Halig

Juragan: Beuh, ampun aing mah.

(PANGANTEN CALIK DIN A KORSI)

Juragan: Tah geus karumpul yeuh. Pudin...

Pudin: Abdi, gan?

Juragan: Sok buka acarana

Pudin: Buka calana? Isin atuh juragan.

Juragan: Buka acarana, silaing pidato.

Pudin: Aduh, lieur, gan, hoyong utah.

Juragan: Montong ngawiwigang dewek siah.

Juragan Istri: Sok atuh Pudin geura wiwigang.

Juragan: Ari ibu naon atuh? (KA PUDIN) Hayoh geura pidato.

Pudin: Ulah pidato atuh nya, Gan. Kumaha upami penca atanapi joged?

Juragan: Nu lain-lain wae silaing mah. Gancang Pudin.

Pudin: (PIDATO) Para hadirin nu sami-sami tandukan.

Juragan: Naon atuh iyeu teh? Nu baleg.

Pudin: Teu pupuguh, gan, jol-jol emut kana domba. Para hadirin, cunduk waktu ninggang sirah ....

Juragan: Aeh-aeh ... Ninggang mangsa.

Pudin: Tah sumuhun eta. Cunduk waktu ninggang mangsa, acara anu munggaran atuh mangrupi sambutut ....

Juragan: Sambutan lain sambutut.

Pudin: Sumuhun eta mangrupi sambutan. Anu ngawitan manga atuh ka juragan sohibul hajat. Dihaturanan ....

Juragan: Hatur nuhun. Hapunten kumargi juragan bilih lepat, ngangge catetan. Assalamualaikum.... Nang, kade suku lomari .... Aeh-aeh ieu mah surat pun bojo keur tukang lomari.... Atuh ditalar wae, da juragan salah mah biasa, moal aya nu daekeun nyarek. (KA HADIRIN) Para hadirin sadayana, dina wengi ieu simkuring ngarasa bingah. (NU HALADIR NGAROBROL) Ku.... (NYEUSEULAN HADIRIN) Ieu teh arek didarengkeun moal? Ampun aing mah. Emh... abong lain menak. (NERUSKEUN) Dina ieu kasempatan simkuring hayang cumarita ka panganten, utamina panganten lalaki, minantu simkuring. (KA PANGANTEN) Trendi, minantu bapa, ti ayeuna bapa rek masrahkeun anak bapa si Tresi, ngan nitip, kade getihna ulah dikocoran ku rezeki anu teu halal.... (SADAYANA KALEPROK) Tong dikeprokan atuh da lain japat. Teruskeun! Lamun Bapa ngadenge yen maneh korupsi, ngadahar duit rakyat, Bapa moal cicingeun. Sok sanajan maneh wakil rakyat loba baladna, sapopoena ngan geulut wae; dewek moal mundur. Kajeun minantu, disiksa ku dewek. Naha dikirana dewek sieun, pedah silaing budak ngora? Montong peupeuleukeuk, siah! Tingali ka aing! Rek ngajago maneh teh? Dijebrod siah ku urang. Hatur nuhun, sakitu sambutan ti simkuring.

Pudin: Sakitu sambutan ti Juragan Sumita anu pinuh ku sumangeut perjuangan. Atuh salajeungna dihaturanan ka sepuhna panganten pameget mangga dihaturanan Wagimin Sukarjo.

Lebe: Tong nyanyahoanan, deuleu! Lain Wagimin Sukarjo deuleu! Primus Adiwijaya.... (PIDATO) Hatur nuhun kana kasempetanana. Dina wengi ieu uwa teh ngaraos bingah amarwatasuta bingah kagiri-giri. Kabungah uwa mun dibandingkeun jeung Gunung Tangkuban Parahu, masih keneh gede Gunung Tangkuban Parahu. Percanten henteu uwa nuju bingah? (HADIRIN NGAWALER, "PERCANTEN"....) Hatur nuhun upami percanteun mah. Sakitu sambutan ti uwa.

Pudin: Sakitu sambutan ti sepuh panganten pameget anu sanaos singket namung kalintang teu puguhna.

Dole: Sekarang sambutan dari saya, he...he...he....

Juragan: Sok.

Dole: Saya mendoakan semoga kedua mempelai diberikan kebahagiaan he...he...he... dan dijauhkan dari segala musibah.

Pudin: Lain musibah atuh musibah.

Dole: Betul. Seharusnya memang musibah, tapi saya orangnya humoris, senang bercanda. Jadi musibah saya ganti dengan musibah, biar kocak, biar ketawa. He..he..he....

Juragan: Teruskeun, Pudin!

Pudin: Atuh sambutan anu pamungkas mangga dihaturanan ka sepuh urang sadayana, Bapa Toyib. Mangga dihaturanan Bapa Toyib.

Toyib: Trendi, anaking! Ua teh milu sedih, milu nyeri, waktu ngadangu anaking dicarekan ku mitoha. Kanyeri ua jeung kapeurih ua teh dibandingkeun jeung kanyeri kapeurih anjeun mah, rarasaan mah gede keneh kanyeri, kapeurih anjeun. Bener ... beneer.... (HADIRIN NGAJAWAB, "LERES.... LERES....") Memang geus tidituna ua teh resep kana kaendahan. Da teu kaop nempo nu endah, ua mah teu kuat.... (NYIRINTIL, NOEL PANGANTEN) Meni geuliss... meni lucu... (BALIK DEUI, NOEL AWEWE) Meni goreng .... Trendi anaking, tadi anjeun dicarekan ku mitoha. Ulah nyeri hate, ulah dendam. Eta teh kanyaah ti kolot ka budak. Inget! Mun anjeun ngewa ka mitoha, nyeri hate ka mitoha. Inget! Ua teh lanceukna mitoha anjeun. Ua moal cicingeun, mun adi ua dihina, dilunjak ku barudak. Ua bisa murka, darah tinggi ua bisa memuncak. Sing inget! Arek ngalawan? Arek nyeri hate sia teh? Arek? Ngomong... ngomong... ngomong.... Sok bisa teu percaya yeuh, ua yeuh (MENCA) cikalang, cimande, trisi.... Sakitu sambutan ti ua.

Pudin: Ampun, iyeu mah nyaa....

(IKLAN NGALIWAT)

Juragan: Ari ieu saha atuh yeuh? (KA SATPAM) Tanya ku ilaing....

Boled: Saha? Saha?

Iklan: Tidak perlu tahu saha sayah. Sayah cuman ngasih tahu drama komedi ini tamat. Eng ... ing ... eenggg....

TAMAT